



Pou Piblikasyon Imedya: 13/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APEPRÈ 1 MILYA DOLA FINANSMAN POU LOJMAN NAN PRI KI ABÒDAB.

Finansman an ap kreye oswa prezève 3,242 lojman dirab, nan pri abòdab, ki bay sipò atravè Eta New York

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te bay plis pase 991 milyon dola obligasyon ak sibvansyon pou kreye oswa prezève 3,242 lojman nan pri abòdab, ki dirab epi ki bay sipò atravè eta a. Devlopman yo ap eksplwate yon 379 milyon dola finansman prive siplemantè pou kreye yon investisman jeneral plis pase 1.4 milya dola pou ranfòse efò devlopman ekonomik lokal yo, diminye sitiyaasyon sanzabri a, epi fè angajman New York la pou devlope opòtinite lojman ki an sekirite, ki sekirize epi ki sen pou moun ak fanmi yo avanse.

"Bezwen pou lojman abòdab epi ki bay sipò a te obmante pa pandemi an nan tout New York epi li esansyèl ke nou pran mezi ki nesèsè pou asire ke chak Nouyòkè gen yon twati sou tèt yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sibvansyon sa yo abòde pwoblèm sa nan fondman li lè li sipòte kreyasyon lojman bon kalite ki kenbe moun an sekirite, pote nouvo biznis ak djòb nan kominote nou yo, epi amelyore aksè nan sèvis esansyèl ki bay moun yon chans pou konstui yon lavi ki pi akonpli."

Anons jodi a fè pati gwo plan Gouvènè Hochul la pou fè lojman pi abòdab, ekitab ak pi estab. Sa gen ladan yon pwopozisyon pou yon nouvo plan lojman, sou senkan k ap koute 25 milya dola pou kreye ak prezève 100,000 kay abòdab an zòn iben ak riral yo toupatou nan New York ki gen ladan 10,000 kay ak sèvis sipò, ogmante konstriksyon nouvo kay, ak takle inegalite nan mache lojman an.

Finansman an rive posib gras ak emisyon obligasyon sezon Otòn 2021 Biwo Renovasyon Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York ki bay 785 milyon dola obligasyon pou lojman ki gen egzanspsyon fiskal ak 206 milyon dola nan finansman sibvansyon atravè divès pwogram ki fèt pou devlope ak prezève lojman nan pri abòdab.

Sibvansyon yo se:

Vil New York

262 dola pou faz 1a nan sis faz reamenajman 11 ekta nan Brooklyn Developmental Center nan Lès New York. Faz 1a ap kreye 450 apatman nan pri abòdab ki enkli 132 kay ak sèvis sipò. Nan kad Inisyativ Vital Brooklyn (Vital Brooklyn Initiative) 1.4 milya dola a, devlopman an fèt pou abòde kontradiksyon kwonik nan aksè nan swen sante, lojman ak sèvis nan katye Brooklyn Santral yo. Imèb 15 etaj la ap genyen ladan l yon klinik medikal 15,000 pye kare ak apeprè 8,000 pye kare sifas komèsyal nan premye etaj la. Konsepsyon elektrik konplè a genyen ladan l anpil fonksyon dirab, tankou chofaj jeotèmik ak twati an pano solè, epi l ap ofri tout rezidan yo WiFi gratis. Ekip devlopman an genyen ladan l Patnè ak Sèvis L+M pou moun ki defavorize yo.

101 milyon dola pou 475 Bay Street nan Staten Island. Imèb 12 etaj la ap genyen ladan l 270 apatman, ki enkli 138 kay ki rezève pou moun ki sanzanbri oswa lojman pou granmoun ki pa an sekirite k ap gen aksè nan sèvis sipò ke Self Help for Independent Living bay. Bilding lan, ki sitiye nan zòn estrateji Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative) Staten Island lan, ap genyen ladan l tou 10,000 pye kare sifas komèsyal nan premye etaj la. Devlopè a se BFC Partners.

60 milyon dola pou Edgemere Commons A1 nan Far Rockaway, Queens. Imèb 17 etaj la ap ofri 194 apatman ki enkli 29 kay ki bay sipò pou moun ki gen defisyans entelektyèl ak devlopman yo ak 30 kay ki bay sipò pou adilt ki sanzabri. Devlopman an ap genyen ladan l tou 23,000 pye kare sifas komèsyal nan premye etaj la pou magazen ak lòt biznis itilize. Edgemere Commons se yon kominote plizyè izaj 11 faz k ap genyen ladan l 2,000 mezon nan pri abòdab, etablisman medikal ak espas komèsyal lè l fini. Devlopè Edgemere Commons se Arker Companies.

Lwès NY

27 milyon dola pou Vilaj Granmoun Pilgrim (Pilgrim Village Senior) nan Buffalo. Devlopman Vilaj Granmoun Pilgrim ki egziste a ap demoli epi ranplase pa yon bilding kat etaj ki prezante 105 apatman pou granmoun ki gen 55 an ak plis. Yo rezève karant nèf apatman pou granmoun ki bezwen sèvis sipò pou viv nan fason endepandan. Devlopman an ap genyen 20,000 pye kare espas vè ki gen wout pou mache, espas pou chita, ak jaden. Devlopè a se Stuart Alexander and Associates, Inc.

38 milyon dola pou Vilaj Fanmi Pilgrim (Pilgrim Village Family) nan Buffalo. Seksyon sa nan devlopman an ki sou kote Vilaj Granmoun Pilgrim nan, ap ofri 132 apatman nan pri abòdab nan yon bilding senk etaj. Premye etaj la ap genyen yon espas kominotè ak espas komèsyal. Vilaj Fanmi ak Granmoun Pilgrim yo a kote Kanpis Medikal Buffalo Niagara a. Devlopè a se Stuart Alexander and Associates, Inc.

38 milyon dola pou Apatman McCarley Gardens nan Buffalo. Pwojè a ap reyabilite 21 mezon lavil epi konstui kat bilding siplemantè pou yon total 149 kay nan pri ki abòdab. Apatman ki egziste yo ap modènize pou yo vin pi efikas sou plan enèji ak izolasyon ki amelyore, nouvo fenèt ak ranplasman chodyè ak chofaj dlo yo. Travay sou sit la ap fè pwopriyete 6 ekta a ki sitiye nan yon katye anba lavil k ap devlope toupre Kanpis

Medikal Buffalo Niagara a vin bèl. Devlopè yo se BFC Partners ak St. John's Baptist Church.

96 milyon dola pou reyabilitasyon ak prezèvasyon kat pwopriyete pou plizyè fanmi nan vil Amherst nan Konte Erie. Pwojè yo genyen ladan yo Princeton Court ki gen 304 apatman, Brewster Mews ki gen 216 apatman, Parkside Houses ki gen 180 apatman ak Vilaj Oxford Village Townhomes ki gen 316 apatman. Devlopè kat pwopriyete yo se Related Companies ak MJ Peterson Real Estate Corporation.

Mid-Hudson

43 milyon dola pou Hudson Hill nan Yonkers. Pwojè a genyen ladan l demolisyon ak ranplasman yon bilding ki delabre pa yon nouvo bilding sis etaj k ap prezante 113 apatman nan pri abòdab. Y ap rezève karant kat apatman pou fanmi ki sanzabri ki gen bezwen sèvis sipò. Yo te bay bilding ki elekrisite konplè ak pano solè sou twati a finansman nan pwogram Bilding Ekselans (Building of Excellence) Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA). Devlopè ak founisè sèvis sipò a se Westhab, Inc.

14 milyon dola pou Tall Oaks Apartments nan Middletown, Konte Orange. Pwojè a ap reyabilite 150 apatman nan 16 bilding. Li te konstui okòmansman kòm yon Mitchell-Lama an 1973, nivo travay la enkli renovasyon nan tout apatman yo, nouvo twati, enstalasyon pano solè, ak amelyorasyon deyò a. Devlopè a se Related Companies.

200 milyon dola nan obligasyon enpozab epi ki egzonere nan enpo pou 500 Main Street nan New Rochelle, Konte Westchester. Devlopman revni miks lan ap konstui 477 nouvo apatman, ki gen 119 inite lojman nan pri abòdab pou jiska 60 pousan nivo revni mwayen zòn nan. Devlopè a se BRP Development Corporation.

Capital District

25 milyon dola pou Faz II Vilaj Yates nan Schenectady. Sa se dezyèm faz ak faz final redevlopman nan konplèks lojman piblik Vilaj Yates ki te konstui an 1948. Faz II a genyen ladan l ranplasman sis bilding ansyen avèk 37 nouvo bilding de etaj ki genyen 68 apatman nan yon kanpis pyeton epi ki atiran. Ekip devlopman an genyen ladan l Pennrose Holdings, LLC, Duvernay + Brooks, LLC ak Otorite Lojman Minisipal Schenectady (Schenectady Municipal Housing Authority).

Mohawk Valley

41 milyon dola pou Stone Ridge nan vilaj Herkimer nan Konte Herkimer. Pwojè a ap redevlope 153 apatman lojman piblik nan senk kote separe nan zòn anba lavil vilaj la. Twa devlopman ki egziste ap antreprann renovasyon, yon pwopriyete ap demoli, epi yon nouvo imèb ki gen 24 apatman ap konstui. Devlopè a se Herkimer Affordable Housing, Inc., òganizasyon san bi likratif Otorite Lojman Herkimer la.

Finger Lakes

30 milyon dola pou renove epi prezève pri abòdab nan uit devlopman separe nan Konte Livingston, Monroe ak Orleans. Uit pwopriyete yo ke PathStone Corporation posede epi devlope, ofri yon total 203 kay nan pri abòdab. Travay reyabilitasyon yo ap varye selon bezwen an.

North Country

16 milyon dola pou Woodcreek Apartments nan Gouverneur, Konte St Lawrence ak Bateman Apartments nan Lowville, Konte Lewis. De devlopman ki egziste nan konte ki akote yo ap genyen reyabilitasyon. Bateman Apartments, te konstui okòmansman kòm yon otèl an 1869, li te konvèti an lojman nan pri abòdab an 1991 epi ofri 24 apatman ak kat espas komèsyal sou devan. Woodcreek Apartments, te konstui okòmansman kòm lojman militè Seeksyon 801, genyen 96 apatman nan 30 bilding. Devlopè a se Baldwin Real Estate Development Corporation.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare, "HCR fyè pou li nan ban devan misyon Gouvènè Hochul pou kreye epi prezève opòtinite lojman ki abòdab atravè New York. Envestisman 991 milyon dola sa ap finanse konstriksyon nouvo kay nan anba lavil k ap devlope yo ak aksè nan transpò piblik ak sèvis epi fè amelyorasyon ki fasilite lavi nan devlopman ki egziste, ki enkli lojman piblik yo. Soti nan Staten Island rive nan Konte St. Lawrence, 14 pwojè sa yo ap enjekte lè yo fini plis pase 1 milya dola nan ekonomi an pou venefisye plizyè milye moun ak fanmi nan kominote iben, banlye ak lakanpay yo, epi an menm tan, demontre angajman nou pou konstui lavni ki pi ekolojik, pi sen, epi ki pi ekitab pou eta nou an."

Senatè Eta a, Brian Kavanagh, Prezidan Komite Lojman Sena a, te deklare, "Mwen bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul ak Komisè RuthAnne Visnauskas dèske yo jwenn finansman enpòtan sa pou ede kreye epi prezève lojman nan pri abòdab epi dirab nan tout eta a. Byenke gen plis ki bezwen fèt pou ogmante estòk lojman nan pri abòdab eta a, envestisman sa ap fè wout pou ede revitalize katye yo epi ranfòse ekonomi kominote lokal yo. Se vo lapèn tou pou remake ke anpil nan pwojè sa yo devlope dapre règ konstriksyon ekolojik eta a ak objektif dirab pou anviwònman yo."

Manm Asanble Steven Cymbrowitz, ki se Prezidan Komite Lojman Asanble a, te deklare, "14 pwojè sa yo ki finanse pa obligasyon HCR yo ap bay lojman ki an sekirite, ki nan pri abòdab epi ki gen sipò pou plizyè milye moun ak fanmi nan tout eta a k ap fè fas ak menas pwoblèm sanzabri, ansanm ak granmoun ak moun ki andikape k ap benefisye nan sèvis sipò ak resous sou plas yo. Travay nou an pou kreye ak prezève lojman abòdab la ap kontinye, men cha chak inite nou bati vle di estabilite ak espwa pou yon lòt manm vital nan kominote nou an. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman li pou devlope opòtinite lojman ki an sekirite epi nan pri ki abòdab pou rezidan nou yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)